# ҚАРАҚАЛПАҚ ҲӘМ ҚАЗАҚ ХАЛЫҚ ПРОЗАСЫНЫҢ ЖАНРЛЫҚ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

***Жуманазарова Гулбадам Досназаровна***
*Ўзбекистон Республикаси Фанлар Академияси Қорақалпоғистон бўлими Қорақалпоқ гуманитар фанлар илмий-тадқиқот институти таянич докторанти*
*jumanazarova89@mail.ru*

# ЖАНРОВЫЕ ОСОБЕННОСТИ КАРАКАЛПАКСКОЙ И КАЗАХСКОЙ НАРОДНОЙ ПРОЗЫ

Жуманазарова Гулбадам Досназаровна
базовый докторант, Каракалпакский научно-исследовательский институт гуманитарных наук Каракалпакского отделения Академии наук Республики Узбекистан

# GENRE FEATURES OF KARAKALPAK AND KAZAKH FOLK PROSE

Jumanazarova Gulbadam Dosnazarovna
basic doctoral student, Karakalpak Research Institute of Humanities of Karakalpakstan Branch of the Academy of Sciences of Uzbekistan

**Аннотация:** Maqolada xalq nasri janri va uning mohiyatiga oid ilmiy qarashlar bayon etilgan. Qoraqolpoq va qozoq xalq nasrining janrlari qiyoslanadi va tushintiriladi.

**Калит сузлар :** адабиёт, фольклоршунослик, назария, тадқиқотлар, janr, услуб.

**Аннотация:** В статье описывается жанр народной прозы и научные взгляды на его сущност. Сопоставляются и поясняются жанры Каракалпакской и Казахской народной прозы.

**Ключевые слова:** литература, фольклор, теория, исследования, жанр, методика.

**Abstract:** The article describes the scientific views on the folk prose genre and its essence. The genres of Karakalpak and Kazakh folk prose are compared and explained.

**Keywords:** literature, folklore, theory, research, genre, method.

## Қарақалпақ ҳәм қазақ халық прозасының жанрлық өзгешеликлери

Жанрдың қалай пайда болғанлығын туўралы фольклористика илиминде системалық изертлеў усылы, яғный биринши жанрды туўдыратуғын факторларды анықлаў, жанрдың қурылысы менен ондағы турақлы мотивлердиң келип шығыў тийкарларын избе-из изертлеў арқалы ғана жанр ҳаққында толық мағлыўматты алыўға болады. Бизге белгили егер жанрдың турақлы, бир неше белгилериниң қайталаныў процесслери болмаса ол толық жанрлық принциплерине ийе бола алмайды. Турақлы түрде сақланатуғын принциплерине сюжеттиң өрилиўи ҳәм сол сюжеттиң шөлкемлестирилиўи, соның менен бирге қайталанып отыратуғын турақлы мотивлери жанр поэтикасының негизинде турады. Ҳәр бир жанрдың баслы белгиси өз композициясы, сюжетлик, көркемлик сүўретлеў усылларына ийе болыўында.

Әдебият пенен фольклордың обьекти адамды көркем сөз бенен сүўретлеў болғаны менен екеўиниң сүўретлеў усылында бир-бирине жақынласпайтуғын өзгешеликлери менен бирге екеўиниң жақын тәреплери де бар екенлиги белгили. Әдебиятта көркем сөз өнери тараўларға, жанрларға түрлерге бөлинсе, усы бөлистириў принципин фольклорға да пайдаланады. Усы принципти тутыў дүнья фольклортаныў илиминде де көриўге болады. Фольклорда жанр түсинигин басқа халықлар фольклортаныў илиминде изертлениў жағдайына нәзер салғанда, улыўма фольклордың теориялық өзгешеликлери рус, өзбек, қазақ, қарақалпақ ҳәм т.б. фольклортаныў илиминде жанрдың теориясы бойынша пикирлер бир-бирине жақын екенлигин көремиз. Сонлықтан фольклордың жанрларын классификациялаўдың илимий тийкарлары жанрдың түрлерин жәмийетлик турмыста жасаўына байланыслы жәнe идеялық мазмунынының берилиўине, сюжетине, қурылысына байланыслы олар туўысқанлық белгилерине, атқарылыў белгилерине қарай үлкен жанрларының өзи түрлерге, топларға бөлинеди. Фольклордың жанрлары аўызеки жасағанлықтан оны жүйелеўде қатып қалған илимий критерияны табыў қыйын.

Фольклордың әдебияттан ең баслы өзгешелиги оның аўызеки жасаўы, оның авторының көпшилик болыўы, вариантлылығы, аўызеки тараўы, аўызеки туўылыўы, усы ең баслы өзгешелиги деген белгилериниң барлығы әдебият пенен жақынласпайды. Усы өзгешеликлери фольклордың барлық жанрларында көринеди. Фольклортаныўшылар (Н.Дәўқараев) жоқарыдағы әдебияттың үш тараўға (лирика, эпика, драма) бөлиниўин фольклорға да пайдаланып, фольклорды эпикалық ҳәм лирикалық, драмалық (қарақалпақ фольклорында элементлери туўылған)[1] деп үш тараўға бөлип, «тараўдан кейинги

[1] Мақсетов Қ., Тәжимуратов Ә. Қарақалпақ фольклоры,...68-бет.

бөлиниўлерди,.. жанр» дейди де, «жанрдың ишиндеги бөлиниўлерди «түр»[2] деп пикир жүргизеди. Фольклорда усы тараўлар менен жанрлардың, оның түрлериниң жасаўы хәр бир халықтың жәмийетлик, сиясий, тарийхый жасаў жағдайына байланыслы хәр түрли көринеди.

Жанрдың пайда болыўы, өлиўи, жасаўы хәр бир халықтың жәмийетлик турмысының өзгериўи менен тығыз байланыслы иске асады. Фольклордың да, әдебияттың да хәр дәўирде пайда болатуғын жанрлары болады, соның менен бирге жаңа дәўирге хызмет ете алмай өлип кететуғын да жанрлары болады. Сонлықтан жанр тарийхтың жемиси. Жанр тарийхый дәўир менен бирге өзгерип, жаңарып, жаңа жанрларды туўдырып отырады. Жанр дегенимиз турмыс шынлығын белгили бир түрде түсиндириўдиң усылы. Турмыста болған бир ўақыяны түсиндириўдиң бир неше дәстүри түри болыўы мүмкин. Жанр сол ўақыяны қандай түрде бериўди ўақыяның мазмунына қарай анықлайды. Мысалы, «Алпамыс» эпосының сюжети тек сол эпоста ғана берилиўи мүмкин. Оның мазмунын қуры айтып берген жағдайда ол эпослық мазмунын жоғалтып, көбирек ертекке жақынласып кетиўи мүмкин.

Халық дөретиўшилигиниң хәр бир жанры тарийхый, жәмийетлик-сиясий турмыс пенен байланыслы туўылған, тарийхый мазмунына ийе категория. Оның пайда болыўы тосаттан болатуғын қубылыс емес, ол жәмийетлик-сиясий, экономикалық турмыстың нәтийжеси ретинде пайда болады. Фольклорда да, әдебиятта да жанрды анықлайтуғын нәрсе шығарманың сюжети менен сол сюжеттиң берилиў жоллары. Фольклорда сюжеттиң атқарылыўы, қандай жерде атқарылыўы, қалай атқарылыўы, ким тәрепинен атқарылўы, халық арасына қалай таралыўы сыяқлы өзгешеликлери фольклорлық жанрдың ең баслы принциплерине киреди.

Фольклордың үлкен бир тараўы халық прозасы деп алсақ, усы халық прозасының өзи еки үлкен тараўға бөлинеди. Дүнья фольклортаныў илиминде ертеклердиң жанында ертектиң поэтикасына пүтинлей жақын келмейтуғын жанрлар бар екенлиги анықланып, оны өз алдына «ертеклик емес проза» деп қараў көптен бери қабыл етилип жүр. «Ертеклик емес проза»ға аңыз, әпсана, гүррип, рәўият киреди. Бул жанрдың ең баслы өзгешелиги шынлыққа, тарийхый фактке тийкаланады. Бунда да айтыўшы, яғный шығарманы атқарыўшы қатнасады, оны тыңлаўшыға қызықлы етип айтып бериў ушын тыңлаўшыны исендириўди мақсет етеди. Бул шығармалар өзиниң сюжетлик өзегин қыялға, фантастикаға, қыялдан табылған сюжетлерге қурмайды, бирақ шығарманың шынлыққа, фактке, тарийхый болған ўақыяға тийкарланыўы қыялды керек етпейди, ертекте қыял көркемлеў қуралы ретинде оның хызметине шекленбеген

[2] Мақсетов Қ., Тәжимуратов Ә. Қарақалпақ фольклоры,..69-бет.

мүмкинлик берилсе, бунда қыялдың хызмети жоқ, бар болған жағдайда да шекленген болады. Бунда баслы нәрсе шынлықты айтыў, шынлыққа тыңлаўшыны исендириў. Ал, ертек жанрында тыңлаўшы исендириў баслы орында турмайды.

Егер ертеклерди айтыў ушын белгили бир аудитория керек болса, бул халық прозасында шәрт емес. Аңыз, әпсана, мифлерди арнаўсыз жерде, адамлар сөйлеп турған сөзинде, дәстурхан басында, жолда қәлеген жеринде айтыла береди. Айтыўшы менен тыңлаўшы ортасында ара қатнас әңгимелесиў, гүрриңлесиў пикир алысыў жағдайында да өте береди. Бунда ўақыяны айтыўшы айтып отырған аңызы, я әпсанасының көркемлик жағына кеўил бөлмейди. Оны егер көркемлеп айтқан жағдайды ол өзиниң жанрлық қәсийетин жоғалтады. Керисинше, көркемликтен гөре онда шынлықтың айтылыўына, ўақыяны хабарлаўға кеўил бөледи. Бул жанрларды атқарыў ушын арнаўлы түрде таярлық болмайды. Оны керек жеринде айта бериў мүмкин. Сонлықтан оны баслаў ушын ертеклер сыяқлы «бир бар екен, бир жоқ екен» деп басланатуғын традициялық баслаў, ямаса «соның менен мурат мақсетине жетипти» деп жуўмақлайтуғын жуўмақ болмайды.

Бул жанрлардың атқарылыўы илимий мийнетлерге уқсас, айтылатуғын материал тыңлаўшыға бийтаныс болса, онда айтыўшы алды менен оны түсиндирип, таныстырып алады. Соннан соң тийкарғы сюжетти айтыўға өтеди.

Ертеклик емес прозаның ең баслы өзгешелиги ол тек ғана шынлықты айтып бериўди мақсет етеди, ол көркемлик жақтан жүдә әпиўайы, онда көркемлеп айтыў шәртли емес, айтылып отырған хәр бир ўақыя тыңлаўшыға билим берип, оның санасын оятып жаңалықты ашып отырады.

Ертеклик емес прозаның барлық жанрлары аңыз, әпсана, миф, рәўият, гүрриң булар тосынан туўылған қубылыс емес, олардың хәр бири жәмийетлик тарийхый сананың жемиси, тарийхый категория. Олар адамзат бинә болғалы бери бар ең ески жанрлардың бири. Оның қашан туўылғаны, хәр бир жәмийетлик формацияда қалай жасағаны жөниндеги материалды халық прозасының өзи береди. Биз билемиз жанрдың туўылыўының өзи тарийхый. Әййемги дәўирдеги тарийхый ўақыяларды сөз ететуғын «Хаял патша хаққында ертек», «Томарис хаққында», «Ақшолпан хаққында», «Арыўхан хаққында» аңызлар ертеклик емес прозаның әййемги дәўирден тамырын алған жанр екенлигин көрсетеди.

Хәр жанрдың туўылған ўақыты бар. Фольклорлық жанрдың өзгешелиги ол жасап өткен жәмийетлик турмыстың мазмунын өзинде сақлап алға қарай жылыса береди. Ең әййемги адам баласының дүньяның қубылысларын еле түсине алмай атырған ўақытлары аўыз әдебиятта пайда болған жанр миф. Буннан соңғы дәўирлерде пайда болған жанрлар аңыз, әпсана, тарихый гүрриңлер хәм

т.б. Ал, усы тарийхый аңызлар менен әпсаналар халық тарийхының аўызеки халық ядында сақланып аўызеки айтылып келген түри.

Ал, бизге ең жақын туўысқан қазақ фольклористика илиминде ертеклер менен ертеклик емес прозаны улыўма «халық прозасы» деп алған. Қазақ фольклортаныўшысы С.Қасқабасовтың «Қазақ халық прозасы» мийнетинде халық прозасын еки топқа бөледи: 1. Ертеклик проза. 2. Ертеклик емес проза. Биринׁшиси, ертеклик прозаға ертек жанрын киргизип үйренеди, ал, екинши ертеклик емес прозаға: миф, хикая, аңыз, әпсана, әңгимелерди киргизеди. С.Қасқабасов мифти «қалдық ҳалында сақланып қалған миф жанры» деп, оны халық прозасының бир жанры сыпатында қарайды[3]. Халық прозасын классификация жасаўда С.Қасқабасов Пропптың классификациясына тийкарланады[4].

Демек, жанрдың баслы өзгешелиги шынлыққа, фактке, болған ўақыяға тийкарланыўы, ал тыңлаўшыны болған ўақыяға исендириўи. Ал, ертеклерде бул принцип талап етилмейди. Ертектиң тийкарында фантастикалық ўақыялар менен болған ўақыя аралас болып келиўи де мүмкин, бирақ ертектен тарийхый шынлық ҳәм оған исендириў талап етилмейди.

## Пайдаланылған әдебиятлар

1.Поездка из Орска в Хиву и обратно, совершенная 1740-41 гг, поручиком Гладышевым и геодезистом Муравиным //Географические известия, СПб, 1850.
2.Риза-Кули-Мирза. Краткий очерк Амударьинской области. СПб, 1875.
3.Рычков П. Топография Оренбургской губернии. Сочинения и переводы Оренбург, Отд. Русско-географ. Об-ва, Оренбург, 1887.
4. Каразин Н. Сказка о женском царстве.//Древняя и новая Россия. Т.3. 1875.
5. Вамбери А. Путеществие по Средней Азии. – М., 1874.
6. Валиханов Ч. Сочинения, записи Русского географического общества по отделению этнографии. Т.XXIX, СПб, 1904.
7. Кун А.Л. Поездка по Хивинскому ханству в 1873 г. //Известия Русского географического общества. Т.Х. СПб, 1874.
8. Беляев И.А. Шежире. Сказание о Шынгызхане // Протоколы заседаний и сообщений членов Закаспийского кружка любителей археологии и истории Востока. Вып. 1. – Ашхабад, 1917.
9. Ўалиханов Ш. Шығармалар жыйнағы. Т.1. – Алматы, 1961. – Б. 196.

[3] Каскабасов С. Казахская несказочная проза. – Алмата. 1990. – с. 73-110.

[4] Қасқабасов С. Қазақ халық прозасы. – Алматы: «Ғылым», 1984.

10. Айымбетов Қ. Қарақалпақ фольклоры. – Нөкис: «Қарақалпақстан» баспасы, 1977. – Б. 61-71.

11. Айымбетов Қ. Қарақалпақ халық нақыл-мақалларының қысқаша түсиндирме сөзлиги хәм жүйели сөзлер. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2007.

12. Айымбетов Қ. Халық даналығы. – Нөкис: «Қарақалпақстан» баспасы, 1988.

13.Айымбетов Қ., Кожуров О. Қарақалпақ әдебиятының түрлери //Қарақалпақстан әдебияты хәм искусствосы. – Төткүл, 1939. – № 4-5.

14. Каскабасов С. Казахская несказочная проза. – Алмата. 1990.

15. Қасқабасов С. Қазақ халық прозасы. – Алматы: «Ғылым», 1984.